



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 4 MILYON DOLA POU AGRANDISMAN SÈVIS
REZIDANSYÈL POU TRETMAN TOKSIKOMANI NAN VIL NEW YORK LA YO**

***Senk Founisè pral Ajoute 156 Nouvo Kabann Ototal nan Tretman Rezidansyèl nan
Bronx ak Brooklyn yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse atribisyon apeprè 4 milyon dola pou agrandi sèvis rezidansyèl pou tretman toksikomani nan Vil New York la yo. Yo te akòde senk founisè finansman, epi yo pral ajoute 156 kabann ototal nan Bronx ak Brooklyn. Biwo Sèvis Alkolis ak Toksikomani (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services, OASAS) Eta New York la ap administre pwojè sa yo.

“Pandan kriz opyoyid la kontinye devaste kominote toupatou atravè peyi a yo, New York rete vijilan nan lit kont maladi toksikomani an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou agrandi sèvis yo, nou ap bay rezidan yo kapasite pou yo resewva tretman yo bezwen yon kote ki pre lakay yo.”

Founisè swivan sa yo ap resewva finansman pou yo ajoute kabann tretman yo:

Bronx

- **Odyssey House, Inc. - 1264 Lafayette Avenue:** 1,230,000 dola pou 41 Kabann
- **Argus Community, Inc. - 226 East 144th Street:** 302,060 dola pou 25 Kabann
- **Light of Hope Services, Inc. - 3876 Park Avenue:** 1,500,000 dola pou 50 Kabann

Brooklyn

- **Anchor House, Inc. - 1041-47 Bergen Street:** 450,000 dola pou 20 Kabann
- **Dynamic Youth Community, Inc. - 1808 Coney Island Avenue:** 482,182 dola pou 20 Kabann

Kabann sa yo ap ajoute yo fè pati efò eta a ap fè pou ofri swen rezidansyèl konplè konitinyèl pou moun k ap swiv tretman pou toksikomani yo, epi asire ke yo resewva sèvis apwopriye. OASAS ap travay avèk founisè yo ak moun ki gen enterè yo pou amelyore sèvis rezidansyèl yo, pou enkòpore twa eleman esansyèl pou tretman:

estabilizasyon, reyabilitasyon, ak re-entegrasyon. Pwogram rezidansyèl yo kapab sètifye pou ofri nenpòt kilès oswa tout eleman sa yo.

“Finansman sa a enpòtan anpil nan kad agrandisman sèvis tretman yo epi l ap asire ke Nouyòkè k ap lite ak toksikomani yo gen resous yo bezwen pou yo swiv pakou anvè retablisman yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Prezidan Gwoup Travay sou Abi Ewoyin ak Opyoyid la (Heroin and Opioid Abuse Task Force), te deklare.** “Kabann adisyonèl y ap mete nan etablisman tretman sa yo ki nan Bronx ak Brooklyn yo pral asire yo bay rezidan nan kominote sa yo aksè yo bezwen pou ede yo amelyore pwòp vi yo ak lavi fanmi yo.”

“Avèk agrandisman sa a, Gouvènè Cuomo kontinye montre angajman l pran anvè lit kont toksikomani an epi asire ke tout moun ka gen aksè a swen yo bezwen”, **Komisè OASAS, Arlene González-Sánchez, te deklare.** “Nouvo kabann sa yo pral pèmèt nou sèvi plis moun nan Vil New York, epi sipòte efò Gouvènè a ap fè pou pote sèvis vital, ki ka sove lavi pou tout kominote nan Eta New York.”

Atribisyon finansman sa a fè pati apwòch inovatè a plizyè volè Gouvènè Cuomo pran pou abòde epidemi opyoyid la epi agrandi ak amelyore sèvis yo ki gen ladan etablisman tretman yo, sant dezentoksikasyon, fwaye pou jèn yo ak sant resous rejyonal pou toksikomani yo, k ap ofri sèvis ak enfòmasyon nan yon anviwònman ankourajan ak san prejije. Gouvènè a te agrandi gam sèvis ak sipò ki sible rediksyon domaj epi li te lanse inisyativ sible pou amelyore aksè a medikaman kont toksikomani ki ka sove lavi. Lòt sipò pou retablisman yo gen ladan investisman nan Defansè Kòlèg pou Retablisman Sètifye (Certified Recovery Peer Advocates) ak akonpanyatè dezentoksifikasyon yo. Efò sa yo mennen kreyasyon pi gran rezo ankadreman pou dezentoksikasyon nan peyi a. Anplis de sa a, anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York la te devlope youn nan pwogram prevansyon sidozaj opyoyid ki pi global nan peyi a. Plis pas 300,000 moun te resevwa fòmasyon sou prevansyon sidozaj opyoyid epi yo te ekipe yo ak nalokson, ki se medikaman yo itilize pou ranvèse sidozaj la. Gouvènè a chanje lwa sou asirans yo tou pou rann aksè imedyata a tout tretman toksikomani vin yon reyalite nan Eta New York, epi li te pran mezi pou laji pi sevèman kont koutaj pasyan yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis yo nan rejyon w lan, [klike isit la](#).

Nouyòkè ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon paran pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 24-èdtan, 7-jou pa semèn HOPEline nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Ou ka jwenn trètman pou adiksyon ki disponib ki genyen ladan yo swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki etène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen konsiltasyon ekstèn, lè w itilize Panèl Disponibilite Trètman OASAS Eta New York la (NYS OASAS Treatment Availability Dashboard) nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS Eta New York la](#). Vizite [CombatAddiction.ny.gov](https://www.combataddiction.ny.gov) pou aprann plis sou siy avètisman adiksyon, revize enfòmasyon sou fason pou jwenn èd, epi jwenn aksè ak resous sou fason pou fasilite konvèsasyon ak pwòch yo ak kominote yo konsènan adiksyon. Pou w jwenn zouti pou itilize pou ka pale avèk yon jèn moun sou prevansyon itilizasyon alkòl oswa itilizasyon dwòg, [vizite sitwèb Talk2Prevent](#) Eta.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)